



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 23/8/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÓ KOWÓDONE ENTÈ AJANS YO POU KOBAT  
MINÈ KAP BWÈ SOU KANPIS KOLÈJ YO NAN NEW YORK**

*Ajans yo nan Eta ap travay ansanm pou devlope sou inisyativ sekirite reyisi  
Gouvènè a nan Kanpis Kolèj yo pandan trimès otòn nan ap kòmanse*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon efò kowòdone pa plizyè ajans nan eta ansanm avèk enstitisyon yo pou anpeche minè yo bwè alkòl sou kanpis kolèj yo ak nan kolèj bouk yo kòm trimès otòn nan ap kòmanse nan Empire State. [New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services](#), [New York State Liquor Authority](#), [New York State Department of Motor Vehicles](#), ak [Lapolis Eta New York](#) ap aliyen resous yo pou anpeche minè yo bwè alkòl sou kanpis yo nan New York. Efò sa yo pral chita sou angajman Gouvènè a pou pwoteje etidyan kolèj yo epi ogmante sekirite sou kanpis kolèj New York yo, pi resaman atravè lwa “Enough is Enough” li a. Efò sa yo pral kòmanse mwa sa kòm etidyan yo ap retounen sou kanpis yo.

“Minè kap bwè alkòl ka kondwi a konsekans danjere pou lavi pou etidyan kolèj yo, e kòm trimès otòn nan ankou, nap travay pou edike etidyan kolèj yo sou konpòtan neglijan sa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Efò kowòdone sa yo pral chita sou pwogrè nou pou ede evite trajedi inital epi kreye yon anviwonman ansèyman sou kanpis yo nan tout eta.”

Efò entè ajans ki annaprè yo vize pou pwoteje etidyan kolèj yo:

**Kanpay OASAS pou ede Paran yo pale avèk Etiyan Kolèj yo sou Danje ki genyen lè minè yo ap bwè alkòl ak itilize dwòg**

NYS OASAS ap travay aktivman pou anpeche minè yo bwè alkòl ak pou sispann maladi adiksyon anvan li kòmanse, e lap lanse pwochen faz la nan kanpay [Talk2Prevent](#), sa ki bay paran yo resous sou kijan pou yo pale avèk etidyan yo ki gen laj kolèj sou danje ki genyen lè minè yo ap bwè alkòl ak itilize dwòg. Ajans lan tou ap mete resous disponib ki dekri risk ki asosye avèk minè kap bwè alkòl ak itilizasyon dwòg ilegal pou kolèj ansanm avèk òganizasyon yo ki baze sou kominote, sa ki gen ladan afich, fèy enfòmasyon ak kat postal. Yo pral pataje yon lèt osijè disponibilite materyèl [Talk2Prevent](#) sa yo avèk kolèj ansanm avèk patnè kominotè yo nan eta mwa sa. Yon [Twous Zouti Tab Kwizin \(Kitchen Table Tool Kit\)](#), te devlope pou ede paran, pwofesè, konseye ak kominote a avèk gid sou kijan pou kòmanse yon konvèsasyon sou ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, disponib tou sou [sitwèb Combat Heroin](#).

NYS OASAS antisipe piblikasyon yon demann Pwopozisyon nan lavni pou ede kolèj New York yo ameyore efò prevansyon ak itilizasyon sibstans yo. Nan kad pwopozisyon sa, kolèj piblik yo pral elijib pou sibvansyon nan kad efò ki vize pou anpeche minè kap bwè alkòl ak move itilizasyon medikaman preskripsyon ak kowalisyon bilding kanpis yo.

**Komisyonè NYS OASAS, Arlene González-Sánchez, te deklare,** “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk ajans patnè yo nan eta paske yo kolabore avèk nou nan efò pou anpeche jèn Nouyòkè yo pou yo pa itilize alkòl oswa lòt dwòg. Chak paran ak gadyen pa ka tann pou yo wè pitit yo resevwa diplòm kolèj yo nan jou gradyasyon an. Inisyativ sa yo ke eta kondwi pral ede asire ke etidyan yo rete lwen de itilizasyon sibstans kidonk yo ka konplete edikasyon yo avèk siksè epi retounen nan lavi konplè odela de ane kolèj yo.”

### **Fòmasyon SLA pou Pwopriyetè Ba, Restoran ak Etablisman Byè**

SLA, an kolaborasyon avèk Empire State Restaurant & Tavern Association (ESRTA), pral òganize yon seri fòmasyon gratis nan eta pou ba, restoran, ansanm avèk pwopriyetè etablisman byè ansanm avèk anplwaye yo. Pwogram pandan tout yon jounen an pral santre sou responsabilite legal pou vann alkòl epi bay fòmasyon nan konpetans pratik pou ede moun ki gen lisans ansanm avèk anplwaye yo ranpli responsabilite legal yo.

SLA te deja fè fòmasyon sa yo nan Kingston, Troy, Cortland ak Oneonta. Nan otòn sa a, SLA ak ESRTA planifye pou ofri fòmasyon yo nan Rochester, Syracuse, Long Island, Newburgh, Utica, Binghamton, Buffalo ak Tarrytown.

**Prezidan SLA, Vincent Bradley, te deklare,** “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te kowòdone resous prevansyon ak ranfòsman Eta New York pou pran mezi koperatif, pwo-aktif pou anpeche abi alkòl pami jèn nou yo. Fòmasyon gratis sa yo fè pati nan efò eta pou ede biznis ki gen konsyans yo konfòme avèk lwa kidonk nou ka kontinye kreye travay, stimile ekonomi lokal, epi fonksyone biznis yo ansekirite ak nan fason reyisi.”

**Scott Wexler, Direktè Egzekitif ESRTA, te deklare,** “Etablisman ki gen lisans yo apresye efò State Liquor Authority pou ede yo konprann règleman konplèks yo kote yo dwe fonksyone biznis yo. Pwogram sa bay konsèy enpòtan ak asistans e li pral fè yon wout long nan bi pou ogmante konfòmite avèk lwa a. Sa bon pou biznis ak pwopriyetè yo ansanm avèk piblik la anjeneral.”

Anplis, SLA te konsiderableman entansifye aksyon lapolis pou diminye sou lavant minè yo pou bay edikasyon a moun ki gen lisans yo sou responsabilite yo. Nan mwa Me, [Gouvènè Cuomo te lanse kanpay “No Excuses” ki vize nan redwi sou minè kap bwè alkòl yo](#), yon kanpay edikasyon nan tout eta ki te gen ladan distribisyon plis pase 15,000 materyèl afiche nan restoran ak magazen alkòl yo nan eta. Nan 2015, SLA te pouswiv 1,552 moun ki gen lisans pou lavant minè, yon ogmantasyon 50 pousan apati 1,036 pouswit nan 2010. SLA te ogmante tou kantite fòmasyon yo pou redwi lavant a minè yo epi ede moun ki gen lisans yo evite vyolasyon anvan yo rive nan sètifye epi pwomote Pwogram Sansibilizasyon Fòmasyon Alkòl ak pwomosyon (Alcohol Training

Awareness Program, ATAP). Kantite fòmasyon ATAP ki te fèt pa moun ki gen lisans ak anplwaye yo te ogmante pa preske twa fwa, apati 150 nan 5,803, jiska 2011 nan 14,549 nan 2015.

### **DMV Lanse “Operation Prevent” nan Kolèj Vil yo**

Pwogram “Operation Prevent” DMV a vize pou diminye sou minè kap bwè alkòl epi itilize fo idantifikasyon pou jwenn alkòl. Envestigatè DMV yo ap travay avèk otorite lokal yo nan lokal gwo aktivite yo konnen minè yo ap bwè alkòl pou tcheke idantifikasyon dokiman yo. Anpeche jèn minè yo pou yo pa gen aksè a alkòl pou kenbe yo ansekirite epi kenbe wout nou yo pwoteje pou tout moun. Gouvènè Cuomo te anonse nan 2015, [envestigatè DMV yo te fè 760 arestasyon e yo te konfiske plis pase 750 fo dokiman idantifikasyon](#) dapre pwogram nan.

Pandan mwa ete yo, pwogram lan santre prensipalman sou anviwonman popilè tankou lokal konsè yo nan New York. Kòm sezon konsè ete yo ap diminye, investigatè DMV yo pral travay etwatman avèk SLA ansanm avèk enstitisyon lapolis yo nan New York, santre plis efò yo sou etablisman yo ki toupre kolèj yo. Pandan yon enspeksyon konfòmite nan Smokin’ Bull nan Albany nan Novanm 2015, apeprè [115 sou 125 lokal nan etablisman yo te jwenn timoun ki anba laj 21 ane](#), sa te kondwi a plis pase 70 arestasyon.

Ane pase, [Gouvènè Cuomo te pibliye tou yon avètisman pou etidyan kolèj kap retounen yo](#) sou danje ki genyen nan achte fo idantite sou entènèt. Nan resan ane yo, investigatè DMV yo te jwenn plizyè douzèn detantè lisans ki anba laj vin viktim vòl idantite apre yo te fin achte fo idantifikasyon sou entènèt nan men konpayi etranje yo.

**Komisyone Egzekitif Adjwen DMV, Terri Egan, te deklare**, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò l nan operasyon Prevent kidonk DMV ka fè patisyon pa l pou pwoteje etidyan kolèj New York yo sou danje ki genyen lè minè yo ap bwè alkòl. DMV ansanm avèk patnè li yo nan chak nivo nan gouvènman pral soti an fòs nan mwa kap vini yo nan anpil kolèj vil la toupatou nan New York, dekouraje minè kap bwè alkòl yo epi pwoteje wout New York yo.”

### **Inite Viktim Agresyon Seksyèl Kanpis NYSP ap travay pou pwoteje etidyan yo kont vyolans seksyèl**

Manm yo nan Inite Viktim Agresyon Seksyèl sou Kanpis Lapolis Eta ap prezante sesyon oryantasyon nan kolèj yo e lap òganize fòmasyon pou entèvenan yo pale sou plizyè sijè, sa ki gen ladan lyen ant abi alkòl ak vyolans seksyèl sou kanpis yo. Misyon inite a, sa ki te kreye pa referans lejislasyon Gouvènè Cuomo “Enough is Enough”, se pou redwi ensidans vyolans seksyèl sou kanpis grasa sansibilizasyon pou etidyan, anplwaye ansanm avèk entèvenan yo. Inite a pral ankete tou sou krim seksyèl nan kanpis ke yo te rapòte bay Lapolis Eta, e lap bay sipò pou ankèt jan kanpis ansanm avèk ajans lapolis lokal yo mande l.

Nan kad efò sa yo, [Gouvènè a te anonse nan mwa Out ke inite a te lanse yon pi gwo kanpay sansibilizasyon piblik](#), ki gen ladan tablo, medya sosyal, ak anons sèvis piblik ak

radio, ki pral difize nan eta. Objektif kanpay la se pou edike etidyan kolèj yo ansanm avèk kominote a nan ansanm li sou vyolans seksyèl nan kanpis yo.

**Sipè-entandan Lapolis Eta New York, George P. Beach II, te deklare,** “Investigatè yo te asiyen nan Inite Viktim Agresyon Seksyèl sou Kanpis yo pa sèlman ap travay pou rezoud ka yo, men tou yap edike etidyan yo nan fason pwo-aktif ansanm avèk moun ki enterese yo sou faktè yo ki jwe yon wòl nan krim sa yo, sa ki gen ladan abi alkòl. Nou espere efò nou yo pral rekonpanse avèk plis sansibilizasyon pami etidyan yo ak yon rediksyon nan kantite agresyon seksyèl ki te fèt sou kanpis yo.”

**Komisyonè Lapolis SUNY University, Paul M. Berger, te deklare,** “Kòmansman ane lekòl la se yon moman ki enpòtan pou atenn etidyan nou yo anvan minè kap bwè alkòl vini yon pwoblèm kap afekte etidyan ansanm avèk kominote nou yo. Resous kowòdinasyon eta Gouvènè a asire pou l stimile pwòp efò SUNY pou reponn epi edike etidyan kap rantre yo epi kominike avèk sa kap retounen yo.”

Rechèch montre ke chak ane nan tout peyi a:

- Plis pase 1,800 etidyan kolèj mouri akòz de chòk ki gen rapò avèk alkòl.
- Etidyan ki bwè alkòl te agrese 696,000 lòt etidyan kolèj.
- 97,000 etidyan kolèj eksperimante agresyon seksyèl ki gen rapò avèk alkòl.

Anplis, [NYS OASAS rapòte](#):

- Bwè alkòl anvan laj 21 ane ka entèfere avèk devlopman sèvo, koze difikilte pou aprann nan laj 20 ane yo.
- Itilizasyon alkòl bonè asosye avèk nòt fèb, absanteyis, ansanm avèk pousantaj ki pi elve pou kite lekòl segondè.

###